Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 14 (7258)
2017 сон 30 март
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

МахIач Дахадаев гьавуралдаса - 135 сон

## Халкъалъе гIоло кьураб гIумро



I35 сон тIубана Дагъистаналъул халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьохъан, Дагъистаналда тIоцевесев рагъулав комиссар, граждан рагъазул бахIарчи МахIач Дахадаев гьавуралдаса. МухIамадгIали (МахIач) Дахадаев гьавуна 8 декабралда (цогидал баяназда рекъон 2 апрелалда) I882 соналда Дагъистан областалъул Авар округалъул Унсоколо росулъ маххул къебед Давудил ДахIадал хъизаналда. МахIачил эбел ХIурия йикIана мискинав векьарухъан ХIасан-ХIажиясул яс. Рохел гьечIеб, бакIал къварилъабаз къанцIулеб лъимерлъи букIана МахIачил. Гьев жеги гьитIинав чи вукIаго эменги хун, эбелги цоги чиясе росасе ун, мискинго бетIербахъун ругел гIагарлъиялъул цIобалде ккана. Эбел-инсул гьуинлъиги хинлъиги лъачIев гьес гьитIинго жиндиего чед балагьизе ккана. ГIадамаз ХIуриядаги бесдал эмен МухIамад-СултIанидаги гIайиб-гъвел гьабулеб букIана гьев гьитIинав вас рехун танилан. Гьез МахIач цIализе кьуна Хунзахъ букIараб байбихьул школалде. Гьеб школа тIокIлъигун лъугIизабиялъ МахIачие рес кьуна Темир-Хан –Щура букIараб Реалияб училищеялде цIализе лъугьине.

I900 соналда МахIачица училище лъугIизабуна ва гьелда къокълъизе течIо цIали. Гьес Петербурга лъул маххул нухазул транспорталъул инженеразул институталде экзаменал кьуна.

Институталда цIалулеб заманалда М. Дахадаевас лъай-хъвай гьабуна пачаясул власталдехун рокьукъго ралагьулел хIалтIухъабазулгун ва студентазулгун. Гьесие цIикIкIараб асар гьабизе лъугьана Обуховалъул рагъулаб заводалъул хIалтIухъабазул тIоцебесеб маялъулал церерахъиназ, студентазулал багъа-бачарияз. М. Дахадаев лъугьана I905-I907 соназул гIурус революциялъул жигарав гIахьалчилъун.

Россиялда бахъараб революциялъул гьури дагьдагьккун Дагъистаналъул мугIруздаги щущалеб букIана. ГIодорлъабазул бакIазда гьединго магIарухъ ругел округаздаги унел рукIана рекьарухъабазул багъа-бачариял.

(Хадусеб 2 номералда)

ГIайшат МАЛАЧИЕВА

## Мун хутIила...

ХIиллаял рухьабаз бухьараб гъалбацI
Гъарояб квердаса камун рагIула,
РекIкIал гъоркьчIелазе тохлъараб тулпар
Тушбабаз къориде тункун рагIула.
Саназул болъоялъ гIасру таниги,
Дур баркат нижее камулеб гьечIо,
Наслабаца чанго кьер хисаниги
Дур цIвайил канлъилъидул кунчIи ссун гьечIо.
ЧIваниги холарел дур хиялазда
Халатал санаца тIегь бан букIинчIищ,
Хабалъ тIупаниги тIегьарал къасдал
Къоабилеб векалъ кунчIун рукIинчIищ?!
ГIакълу бихьаралъуй хьетIулин ракIал
Дур цIали-лъаялъин цIарал аскарал,
ГIадлу камилалъур куцалин дарсал
Дур бажариялда божанин боял.
БахIарчи хIакълъула хIинкъи лъаларев
Лъана гIаламалда, маргьуяв МахIач,
Цевехъан тIатуна ритIухълъи ккурав
ТIатана халкъалда хвел гьечIев МахIач.
Амма жахIдачагIи жакъаги руго
Дур цIаралда тIасан мухъ цIазе къачIан,
Гьадалго жасусал гьанжеги руго
Дол дур гьунаразде пардавги биччан.
Къанщарал беракьа нечоларелъул
Дур чоде вахине чан чи къеркьарав,
ЧIараб хIохьладаса хIинкъуларелъул
Дур тахшагьар щвезе хьулдаранщинав.
Даим гIолохъанго хутIарав МахIач,
Мун хутIила мугIрул ругебгIан мехалъ
Херлъизе рес гьечIев, багьадур МахIач,
ВукIина Дагъистан бугебгIан мехалъ.

## «ЦIиял байбихьиязе кумек гьабизе ккола»

(Р. ГIабдулатIиповасулгун дандчIвай)



22 марталда РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас дандчIваял гьаруна чанго муниципалиял гIуцIабазул нухмалъулезулгун. Гьеб букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулгунги.

ДандчIваялда гIахьаллъана РДялъул Правительствалъул вице-премьер Р. Юсупов, Б. ГIумаров, МугIрузул округалъул вакил М. Камилов, БетIерасул ва Правительствалъул тIоцевесев зам. А. ХIасанов, проектнияб управлениялъул нач. А. М. ХIакимов, Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов.

Гара-чIвариялъул заманалда муниципалитеталъул бетIерас бицана араб 20I6 соналда районалда ккарал хиса-басиязул. Гьедин ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна РДялъул «Обеление экономики» приоритетнияб проект гIумроялде бахъинабулаго, ракьазул актуализация гьабулаго, недвижимосталда тIад ругел налогал рачIинариялъе, гьел налоговияб учеталда лъеялъе гьарулел хIалтIабазул.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 14 (7258)*
*30 март 2017*
*Хамиз*



В память М. Дахадаева 10 июля 1922 года решением ВЦИК г. Петровск-порт переименован в Махачкале
Также в честь него названы:
- Дахадаевский район Дагестана (до 19 апреля 1930 года Ураринский район)
- Дахадаевка (бывш. село Преображенское) — хутор Кумторкалинского района Дагестана
- Дахадаево — название села Даттах (Чечня) с 1944 по 1957 г.
- Махачаул — название села Ца-Ведено (Чечня) с 1944 по 1957 г.
- Махач-Аул — аул в Нефтекумском районе Ставропольского края.
- Махачкент — бывший аул в Кизлярском районе, ныне в составе села Новый Бирюзяк

# Халкъалъе гIоло кьураб гIумро

Отпускаялъ росулъе вачIарав МахIач гьеб киналдаго хадуб хал ккун цо рахъалда чIун вукIинчIо. I905 соналъул 30 декабралда ансадерил кIудияб мажгиталда аскIоб гIадамазда цеве кIалъазе вахъана гьев. Гьес магIарул мискинзаби ахIулел рукIана пачаясул самодержавиялда данде чIун ярагъ кодобе босизе, налогал кьеялдаса инкар гьабизе, тIадчагIазе мукIурлъунгутIизе, бечедазда кодоса ракьал рахьизе.

Гьеб кIалъаялдаса хадуб ва «пачалихъалде данде чIарал прокламацияби магIарухъ тIиритIизариялъе гIологи» I906 соналъул 6 январалда пачаясул властаlъ МахIач жанив тIамуна. Губернаторас тIалаб гьабулеб букIана «Краялда рахIат хварал ишал гьарулев ва гIадамазул пикраби хIабургъинабулев чи хIисабалда» МахIач Кавказалдаса къватIиве витIи. Гьев жанив тIамиялъ жеги хIалуцинабулеб букIана ахIвал-хIал. Мискин халкъалъул тIадецуялъул хIасилалда гьебго соналъул I4 апрелалда гьев къватIиве виччана Темир-Хан-Шура шагьаралъул полициялъул халкквеялда гьоркь вукIинелъун.

Полициялъ гьесул щибаб галиялда хадуб хал кколеб букIана, амма гьезда кIвечIо къеркьеялъул нухдаса МахIач къуркьизавизе. Гьел сонازда МахIачица росулъе босун бачIана гектограф. Ва гьелда кьабун магIарухъ тIиритIизарулел рукIана листовкабигун прокламацияби.

I906 соналъул 7 марталда РСДРПялъул Темир-Хан-Шура букIараб группаялъ къватIибе биччана тIоцебесеб Пачалихъияб Думаялде рищиял хвезаризе ахIарал листовкаби. М. Дахадаевасул квералъ хъварал гьезда цIар букIана «Гражданазде» абун. Революциялъул хIаракатчилъи цIикIкIарав МахIач институталдаса нахъе рехизавизе кIвана пачаясул властазда.

ГьанжелъизегIан М. Дахадаевасда хурхун кодоре щварал документазда гьечIо гьев большевиказул партиялъул членлъун вукIанилан хъвараб бакI. Б. Кашкаевасул баяназда рекъон I928 сонаlда къватIибе биччараб лъарагI мацIалда бахъулеб «Юлдаш» газеталъ хъвалеб буго М. Дахадаев хIакъикъаталдаги социал-демократазул партиялда вукIанилан. ТIубараб куцалда лъалеб гьечIо гьениве лъугьараб заманги. Абулеб буго гIага-шагарго I905-I906 сонал

Пачалихъияб Дума бищиялда гIахьаллъичIого чIезе. Гьелъул хIасилалда рищиязда тIубанго гIахьаллъичIо Авар, Панди, Гъуниб, Кази-Кумух округалъул гIадамал. Гьеб букIана МахIачил кIудияб бергьенлъи.

БатIи-батIиял данделъабазда гьарулел пачаясул хIукуматалде данде чIарал кIалъаязги листовкаби ва прокламациял тIиритIизариялъги хехлъизабуна цIидасанги I906 соналъул 27 июналда гьев жанив тIами. Пемерал цIех-рехаздаса хадуб гIайиб тIад чIечIолъиялъ гьебго соналъул 25 ноябралда гьесда тIад гьабун букIараб дело къотIизабуна. Амма пачаясул чукъби хIинкъулел рукIана революционер туснахъалдаса къватIиве виччазе. Кин букIаниги I907

соналъул февралалда къватIиве виччана гьев заманаялъ Россиялдаса нахъе ине тIадеги босизабун.

Амма М. Дахадаевас ВатIан течIо, гьев Петербургалда вахчун вукIана. Гьениб гьесие I9I0 соналда изну щвана институт лъугIизабизе. Гьеб лъугIун хадув МахIач витIана Туапсеялъул ралъдал порталде хIалтIизе ва I9I6 соналде щвезегIан гьев Дагъистаналдаса къватIивехун вукIана. Гьел сонازда гьес лъай-хъвай гьабуна Северияб Кавказалъул большевиказул организациялъул руководитель С. М. Кировасулгун, цогидалги революционеразулгун. Гьел соназдаги гьев хутIана революциялъул ишазе ритIухъавлъун. Революциялъулал хIалтIаби гьарулел рукIана Майкопалъул маххул нухлул ва Туапсеялъул ралъдал порталъул хIалтIухъабазда гьоркьоб.

М. Дахадаев вукIана гьунар бугев революциялъулав публицистги. Пемерал бегIерал статьяби хъвана гьес Петербургалда С. ХIабиевас бахъулеб букIараб «Дагъистаналъул рогьел» газеталъе. ПицIго гьунар бугев публицист гуревги, гьев вукIана хIаракатав ораторги, пропагандистги, агитаторги. Ихтияр букIун абулаан гьесда халкъияв трибуна,- абун. Гьев вукIана магIарул помещиказегун радикалазе, буржуазиялъулгун миллатчилъиялъул реакционеразе бадиб къалеб бегIераб хечлъун.

I9I6 соналда М. Дахадаевасе изну кьуна Дагъистаналде тIад вуссине. Темир-Хан Шура букIараб хунжрул гьарулеб гьитIинабго мастерская гьес заводалде свериззабуна. Гьелъ рес кьуна захIматчагIазул гьатал данде гьаризе, гьезулгун жеги цIикIкIун бухьен ккезе, областалъулаб централда хIалтIухъабазул гучаб ячейка гIуцIизе.

I9I7 соналъул февралалъулаб буржуазиябгун демократияб революциялдаса хадуб М. Дахадаев жеги гучалда тIаделъана революциялъулаб хIаракатчилъиялде. Областалъулаб исполкомалъул членлъунги вукIун гьес цIунулел рукIана хIалтIухъабазулги рекьарухъабазулги интересал.

ДагъистаналдаСовет власть гIуцIараб I9I8 соналъул маялдаса байбихьун М. Дахадаевас тIолабго къуват кьуна БагIараб Армия гIуцIизе. Ва мугIрузулал контреволюционеразде данде рагъазе нухмалъи гьабулеб букIана гьес. Гьебго заманалда гьев жигарав гIахьалчилъун вукIана областалда Совет власть щула гьабиялъе ва гьелъул органал гIуцIиялъе Дагъистаналъул рагъулабгун революционияб комитеталъ гьабулеб хIалтIулъги. Рагъулал суалазда хурхун ревкомалъул тIолабго хIалтIи гIумруялде бахъинабулеб букIана М. Дахадаевасги Гь. СагIидовасги.

Совет властаlъе гIоло Дагъистаналда къеркьей гьабулел сонازда М. Дахадаевас живго вихьизавуна иш лъалев рагъулав комиссарлъун гуревги, хIинкъи-





рукIине кколилан. Халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьохъанас гIицIго рахъ кколеб букIана гIаммаб къеркьеялда большевиказул партиялъ цере росулел лозунгазул ва гьелъул идеязул. М. Дахадаев гьорлъе унеб Дагъистаналъул социалистияб группа цогояб партиялъул организациялъунги лъугьинчIо. Гье лъул букIинчIо жиндирго программа ва устав. Гьеб блокалде цолъулел рукIарал батIи-батIиял чвахиязул вакилзабазе асар гьабулеб букIана Дагъистаналъул большевиказул идеялъулаб тIадецуялъ.

ТIоцебесеб Россиялъулаб революциялда, гьеб борхун бачIунеб ва гIодобе кколеб заманалдаги, МахIачица большевиказул тактикаялъул рахъ ккуна. Большевиказда цадахъго гьес гIадамал ахIана

къай гьечIев ва бажари бугев командирлъунги. БитIухъего гьесул бетIерлъуда кIвана БагIараб Армиялда Бичераховасул бандаздаса I9I8 соналда Порт-Петровск эркен гьабизе.

ХIоцоса Нажмудинида данде къеркьеялъе Дагъистаналъул революционераз хIукму гьабуна имамасде дандечIей гьабун бажарулев рухIияв цеве хъан валагьизе. Гьединав чилъун ватана ПахIушаса ПалихIажияв. Гьесул къадру-кьимат букIана лъарагIлъиялъул гIодорлъабаздаги магIарухъги чанго округалдаги. Темир-Хан-Щура М. Дахадаевасда кIвана гьел магIарулазул миллиябгун эркен гьариялъул багъа-бачариялде цIазе. Гьелъие рес кьуна шайих МахIачида цевеккуно лъалев ва божарав чи вукIиналъги.

М. Дахадаев чIаго вукIаго Совет властаlъул тушбабазда лъалеб букIана жидее хIалхьи букIунареблъи. Ва гьез хIукму гьабуна МахIач чIвазе. Гьеб букIана I9I8 соналъул хаслихъе. Темир-Хан-Шура контреволюционераз босун хадуб МахIач Левашисан магIарухъе цIиял къуватал данде гьаризе ине сапаралъ вахъуна цадахъ дагъалго гIадамалгун. Гьоркь Жунгуталдаса Гьадаралде унеб нухда дандеги рачIун Н. Тарковскиясул бандазул бетIер ХI. ХIасановас нахъасан МахIачида гIадалъ таманча речIчIана. Гьедин тушбабазул квердаса камуна мискинхалкъ лагълъиялдаса эркен гьабизелъун къеркьарав инженер МахIач Дахадаев. Хиянатаб куцалъ МахIач Дахадаев чIваялъ кутакалда ццим бахъинабуна Дагъистаналъул халкъазул. Гьез тушбабаздаса къисас босана ва МахIачил анищалги гIумруялде рахъинарулаго мугIрузда эркенлъи букIинабуна.

Суратазда: **М. Дахадаев вацгIал Къебед-хIажиявгун.**

**МахIачхъалаялда М. Дахадаевасул памятник рагъулеб заман.**

**Унсоколо район - дир рекIел улка** (М. Гунащев)

ЧотIа рекIинеги хвалчен кквезеги
Дуца куцаразул киб рагIичIеб цIар?
Дагъистаналъеги дунялалъеги
Дуца кьурал васал даимал руго.

Мун цо район гуро, Дагъистаналъе
Дир МахIачил шагьар, Шамилил хъала,
Дир шаргIалъул байрахъ, шигIрудал ВатIан,
Дир зияраталъул борхатаб зани.

# МахIач Дахадаевасул хъизан

Унсоколоса МахIачица лъудби лъун рачун рукIана МухIамадшапи гIил кIиго яс: ПатIиматзагьрат ва Написат

**ПатIиматзагьрат Дахадаева**

Шамилил вас МухIамадшапигIилги гьесул чIужу Марямилги кIудияй яс йикIана ПатIиматзагьрат. Гурги-шуршинаб гьумералъул, кьермухъ рекъарай, гьоркьохъеб лага-черхалъул гIадан йикIана гьей. ПатIиматзагьратил хасияталъухъ балагьун бичIчIулаан гьелъулъ магIарул би гуребги, эбелалъулаб – татаразулаб биги гьалдолеб букIин. ЧотIахъан йикIана ракI бахилай.

Петербургалъул къо-асс бугел ясазул институталда ПатIиматзагьратие щвана тIадегIанаб лъай, гьелда лъалаан къватIисел чанго улкабазул мацIал. I907 соналда гьей Петербургалда М. Дахадаевасе лъадилъун ана. Лъимер гьабизе йикIаго гьелъул чехь ссуйзе ккана. Гьавуна вас ГIадилгерей.

**Написат – ханум**

Хадуйккун росгун йикIине, ПатIиматзагьратие тохтурзабазул изну букIинчIо. МахIачица, жидеда хъатIулебщиназул изнуялда лъун, гьелъул яц Написат лъадилъун ячана. Ясалъул букIана халатккараб гьумер, инсудасан ирсалъе щвараб багIарккараб рас. Гьей лъаларез гIурус ясилан толаан Написат. КIудияй яцалъ гIадин, гьелъги лъугIизабун букIана къо-асс бугел ясазул институт. Махсаро-хочI гIемерай, гIумру аваданӑй гIадан йикIана гьей:

I9I6 соналъул байбихьуда МахIачги Написатги Темир-Хан-Шураялде рачIана. Маликовское шоссеялда Талибовазул бакIалда рукъ ккуна гьез. Хадуб гьез Апшеронский къотIноб Дагъистаниязул полкалъул офицер Мальсаговасул букIараб мина жидеего бичун босана.

МухIамадмирза Хизроревасул лъади Ра зият Алмакъсудовнаялъ гьадин бицун буго МахIач чIвараб мехалда Написатил букIараб хIалалъул хIакъалъулъ: «МахIач Дахадаев чIваравлъи лъайдал, ниж Апшеронский къотIноре ана. Написаб чIчIи-чIчIихъуйги ахIи-хIурги гьабичIого гIодилей йикIана. Гьеб къоялъго вукъана МахIач. Шагьаралда рукIана революция лъул тушбаби, гьез жаназаялда цадахъ ине изну кьечIо хварав МахIачил вац ЖабрагIилиеги, художник Е. Е. Лансерейиеги, цоги 4-5 бихьинчиясеги гурони. Амма цIакъ гIемерал рукIана гIодулел руччаби».



Рос хвезегIан цее, Написат Дахадаева Темир-Хан-Шураялда М. Мавраевасул типографиялда хIалтIулей йикIана. I923 соналда эбел Марям-ханумица Написат жиндаго аскIое Петербургалде ячун ана. Написат хвана Ленинградалда блокадаялъул заманаялда.

**ГIадилгерей Дахадаев**

Булач ХIажиевас хъваралда рекъон, ПатIиматзагьрат гьуърул унтун Буйнакскиялда хвана. Гьелъ МахIачие гьавурав вас, гьесдасан лъугьараб цогоцо лъимер, ГIадилгерей МахIачович Дахадаев гIемерал соназ Ленинградалда гIумру гьабун вукIана. Араб гIасруялъул лъабкъоабилеб соналда гьев вачIана гIагараб росулъе – Унсоколове. ХIалтIана районалъул росдал магIишаталъул управлениялда кадрабазул управлениялда начальниклъун, ОКХялъул заведующийлъун. Вищун вукIана районалъул Советалъул депутатлъун. ГIадилгерей ункъоабилел соназда МахIачхъалаялда хвана. Гьенив вукъунги вуго.

## МахIачиде яцалъул магIу

Бехе лъарагIалда цIадул аздагьо
ЦIарни къотIун ккана дир тIулиласул,
ЦIорол санидукье къехьчараб борохь
Боял чидай танин, чилъи бугев дур.

Чарамул ярагъгун вахъаравани
Чучилароан, мун, тушманзабазе,
Чуял гьалагалгун рекIаравани
ЧIвалароанха, мун, дол ханзабаца.

ЧIваниги кIваричIо, МахIач эбелхвад
Ханзабазул ясал цере къотIидал,
Къваниги кIваричIо, дир чIегIер чаран,
Нуцалазул тулби кьолойдал дуца.

Мун тIухьидул гуллид чIван ватиларо
Гулла мазгарулдай, чехь бихъаязул,
Жансалъул харид вухIун мун ватиларо
Херги загьрудайха тушманзабазул.

Къваниги кIваричIо, МахIач эбелхвад
Бадрул УхIудалда ХIусен бергьинчIо,
Къваниги кIваричIо, дир чIегIер чаран,
Дова АхIулгохIда Шамил бергьинчIо.

БекI къваридаб кьолден къотIулеб алмас
Къорица ккун вуго цо дир тIулилав,
Къолдаби толарев истамбул хъирим
ХIиллайищ бергьараб, МахIач эбелхвад.

ЖабрагIил рагIула доб бульваралда
Таманчадул гуллид габурги борлъун,
МахIачги рагIула доб Жунгуталда
ТуманкIудул гуллид керенги борлъун.

Зоб гъугъан гьегъ байги гьоб Жунгуталде
Цо дир жагьил гьури жаниб свераpаб,
Гъогъол гIорал щвайги доре ХIоцоре,
Дуе хIиллаялъе боял рахъараб.

***БитIун бачIана Гъуниса Баширов МухIамадица***

## Къисаялъул автор



Цебеккун лъазабухъе Унсоколо росулъа (жиндир мунагьал чураяв) МухIамадов ГIабдула Бадиевичас гIемераб материал бакIарун букIана М. Дахадаевасда ва цогидалги хурхун. Гьес хъварал руго «ХIинкъи бугев студент», «ГIабдулгIазиз», «Зага», «Гьобол», «Рокьуца ах1улеб мехалъ» абурал къисаби ва харбал.

М. Дахадаевасул юбилеялъул къоял ругелъул нижеца гьал къоязда газеталда лъезе байбихьана гьесул МахIачил гIолохъанаб гIумроялъул бицунеб «ХIинкъи бугев студент» абураб къисаялдаса къокъ гьарун росарал бутIаби.

# ХIинкъи бугев студент

(Къиса)

**(Байбихьи 13 номералда)**

Цо нухалъ институталъул цо аудиториялда къаси нахъалъизегIан канлъи букIана. Гьениб балъго данделъун букIана гIолохъанал марксистазул кружок. Лекциязде хIадурлъулеб ххвелги гьабун, студентаз цере лъун рукIана жидерго конспектал, теориялъул тIахьал ва хъвай-хъвагIаялъул цогидал алаталги. Амма бахIс унеб букIана «Демократия ва пролетариатазул диктатура» абураб темаялда тIасан.

Хасалил халатаб сордо гьезие къокъаблъун ккана. Нахъаса къотIичIого, гордазда пештIолеб кутакаб гьороцаги, доба рикIкIада рагIулеб полпихараб ралъдал хъуялъги, хъван балеб гIазул биццалъиялъги гьезул рахIат хвезабичIо.

ГIемер дагIбадана, амма пикрабазул къеркьей хIалуцун гурони, цо мурадалде рачIунел рукIинчIо. Я народниказе, я социалистазе, пролетаразул диктатура – цIияб общество гIуцIиялъе аслияб кьучI букIин рекIелъе биччазе бокьичIо.

МахIач гьоркьове унеб къеркьохъабазул гьитIинаб къокъа буцIцIун чIечIо. Гьез хIаракат бахъун бичIчIизабулеб букIана, коммунист париялъул манифесталда хъвавухъе, цIияб, класс гьечIеб ва бетIергьанлъи гьечIеб общество гIуцIиялъе, пролетаразул диктатура бергьин чара гьечIеб жо букIин.



Амма гIемерисезул дандечIей бекизе бигьаяб жо букIинчIо. Цо-цояз гьединаб пикру махсароде бачун, гIад-хочI гьабун толеб букIана. Гьезда цIияб обществоялъул тIасияб хъал гурони, жанисеб рахъ бихьулеб букIинчIо. ГIемер къацандана. Гьоко цебехун къирулеб букIинчIо. Кинабго хабар чан нухалъ данделъаниги, цого магIнаялде ккoлеб букIана. МахIачие бокьун букIана халкъалъе эркенлъи, ритIухълъиялъул хIакъалълъ цIияб жо рагIизе, амма гьеб рагIулеб букIинчIо.

МахIачил каранда кор боркьана, намусалъ яхIалда хIал гьабизе лъугьана, гьесул пикрабазда пири пирхана ва кинабалиго секундалъ, букIинеселъул хьулаз гвангъизабураб халатаб нуралъ ботIролъ гьугьай бахъинабуна. Ахирияб рагIи абичIого рес букIинчIо.

Максимида бихьулеб букIана, цадахъ цого курсалда цIалулев гьалмагъасул рахIат холеб букIин, магIаруласул би гьанжеги гьалдезе лъугьин ва цо кинабалиго балъгоял пикрабаз гьев кодове восулев вукIин. Гьале гьанжеги циндаго гьурмал кьер тIуна ва чанил гIадал чIегIерал берал таваккалго кIалъалесдехун руссинаруна.

Дагъалъ лъалхъиги гьабун, МахIачица живго данде вакIарана, лъугьараб саскъотIиялдасан мунпагIатги босун, тирщун тIаде вахъана. Гьалмагъзабазул пикру борцунеб гIадин, цин гьес бераз гьел ралагьана, цинги байбихьана:

-Коммунистияб партиялъул манифесталда хъван буго «Союзалъул мурад бугила, буржуазия тIаса рехи, захIматчагIазул кверщел букIинаби – жибги буржуазияб обществоялъул классазул данде ккунгутIиялда бижараб цIияб общество гIуцIи, жинда жанибги я класс, я бетIергьанлъи гьечIеб…

*(Хадусеб 4 гьумералда)*

